

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan bilingualisme basa Sunda jeung basa Indonésia dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut, aya sababaraha hiji kacindekan anu bisa dicangking.

- a. Bilingualisme nyaéta makéna dua basa ku saurang panyatur dina campur gaulna jeung batur kalawan bagilir boh sacara aktif boh sacara pasif. Makéna basa sacara aktif hartina panyatur ngawasa dua basa (B1 jeung B2) sarua hadéna, sedengkeun sacara pasif saupama panyatur ngan ngawasa basa kahiji (B1) hungkul tapi cukup jeung mampuh maham kana naon anu dikedalkeun atawa ditulis dina basa kadua (B2) atawa sabalikna. Tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun di SMA Negeri 1 Garut, nyampak aya 200 data wujud bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut.
- b. Ragam bilingualisme anu kapaluruh tina ieu hasil panalungtikan nyaéta bilingualisme subordinatif kalawan 171 data, bilingualisme koordinatif kalawan 20 data, sarta bilingualisme majemuk kalawan 9 data. Dumasar hasil panalungtikan jeung analisis data, bisa dicindekkeun yén ragam bilingualisme anu dominan kajadian dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut nyaéta bilingualisme subordinatif.
- c. Faktor anu ngabalukarkeun ayana bilingualisme dina interaksi sosial siswa SMA Negeri 1 Garut nyaéta faktor migrasi ti daérah séjén (urang Jawa jeung urang Batak), faktor makéna basa sacara internal, jeung faktor éksternal pangaruh kontak basa di lingkungan kulawarga sarta lingkungan sakola.

#### **5.2 Implikasi**

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun sababaraha hal. Ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan bacaeun jeung méré pangaweruh ka anu maca ngeunaan matéri sosiolinguistik hususna bilingualisme. Salian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan bisa jadi pamuka lawang dilaksanakeunana

panalungtikan-panalungtikan séjén ngeunaan bilingualisme hususna anu patali jeung basa Sunda.

Sajaba ti implikasi sacara tiori, ieu panalungtikan bisa ogé dimangpaatkeun minangka hiji acuan kawijakan pikeun méré panggeuing ka masarakat hususna para nonoman sangkan bisa maké basa anu hadé tur merenah kalawan ningali situasi jeung kondisi.

### **5.3 Rékoméndasi**

Sabada panalungtik nyindekkeun hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu panalungtik tepikeun.

- a. Pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan bisa jadi bahan bacaeun sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan bilingualisme nu mindeng kajadian di lingkungan masarakat utamana di lingkungan sakola.
- b. Pikeun siswa, dipiharep bisa maké basa anu hadé tur merenah kalawan ningali situasi jeung kondisi anu keur karandapan.
- c. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngalaksanakeun jeung ngamekarkeun panalungtikan ngeunaan bilingualisme di lingkungan masarakat atawa bisa ogé ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangaruh pangajaran bilingual kana karep jeung pangaweruh siswa dina pangajaran basa Sunda.